Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 5 май Рузман №19 (7780) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Барки**

## ХIурматиял районцоял!

Гьале тIаде щолеб буго Советияб халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босарал-




даса 78 сон тIубаялъул байрам. Дунялалъулго цебетIураб инсанияталь рекIелъ чIухIигун, рохалилаб асаргун дандчIвай гьабула гьеб байрамалда щибаб соналъ.

Нилъеца кIудияб пашманлъигун ракIалде щвезарула рагъда хваралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, рокъоре тIад руссун хадур абадияб рокъоре аралги. РухIалда барахщичIого багъана нилъер халкъ гурхIел гьечIев тушманасда данде. 1118 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъда нилъер халкъаль бихьизабуна цольи, гьудуллъи ва ВатIаналде бугеб рокьи. КигIан сонал свераниги, заман аниги, нилъеда нилъер наслабазда кIочене бегьуларо рагъухъаби, гьез гьарурал бахIарчиял ишал, ракьалда рекъел букIинабизе гьез бахьараб хIаракат. Гьеб киданиги кIочон тезеги бегьуларо.

Жакъаги нилъер улкаялъул халкъалъул рахIат хвезабун буго Украинаада тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъ. Гьенириги улкаялъул цольи ва гIурхъаби цIуниялъе гIоло бахIарчилъиялда рагъулел руго нилъер районалъул контрактникал ва мобилизациялда рекъон ахIарал.

Баркула киназдаго КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 78 сон тIубай. Кьеги киназего сахлъи, рохел ва талихI. БукIаги нужеда тIад даимго ракълилаб зоб.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

**Шапакъат**

## Дагъистаналъул халкъияв тохтур

ТIоцебесеб маялда МахIачхъалаялда Гьудуллъиялъул Рокъоб рохалида тIобитIана пача-



лихъиял шапакъатал кьеялъул рохалилаб тадбир.

Гьениб Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас данделъаразда баркана ихдалил ва захIматалъул байрам - 1 май.

Пачалихъиял шапакъатал щваразда гьоркьор рукIана медикал, педагогал, артистал, гIемерлъималазул эбел, росдал магIишаталъул хIалтIухъаби ва пачалихъиял органазул нухмалъулел.

«Дагъистаналъул халкъияв врач» абураб ХIурматияб цIар щвана Дагъистаналъул пачалихъияб медуниверситеталъул кафедраялъул заведующий, нилъер районцояв Хуштадаса Гьазиев Рашид МухIамадовичасе.

Баркула Рашидида ХIурматияб цIар, гьарула щулияб сахлъи, инсанасул сахлъи цIуниялда сверухъ гьабулеб кIвахI гьечIеб хIалтIулъ икьбал.

**КIудияб Бергьенлъиялъ-78 сон**

# БахIарчиясул росулъе автомобилал риччай

Ункъабилеб маялъ районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана Агъвалиса Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул ВатIан-Эчеда росулъе авмобилал риччай.

Агъвалиса байбихьараб машинабазул мухъалда Эчеда росдал рагIалда дандчIвай гьабуна нухлул кIиябго рагIалккун батIи-батIиял кьеразул берцинал понцIерабиги байрахъалги кодор ккурал росдал школалъул учительзабазги, цIалдохъабазги ва чода рекIараз.

Гьенисан киналго щвана берцинго къачIараб Къади Абакаровасул цIаралда бугеб майданалде. Совет Союзалъул БахIарчи кIодо гьавураб данделъи рагьана росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIисаевас. Росдал ва районалъул гIолилазе мисаллъун чIарав Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул хIакъалъулъ бицун кIалъаял гьаруна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас, районалъул ветераназул Советалъул председатель МухIамад Шамсудиновас.

ГIун бачIунеб гIелалъе Къадил гьунаразул бицараб кIалъай гьабуна росдал школалда гIемерал соназ учительлъун хIалтIарав захIматалъул ветеран Гьазу Гьазуевас, Къади Абакаровасул яцалъул яс Каримулаева Умайгьанатица. Школлъималазги рикIкIана ва цIалана Къади Абакаровасде гьарурал кучIдул, абуна жалги росуцоясда релълъарал бахIарчиял, лебалал, ВатIаналъе гIоло цIадаре кIанцIизеги хIадурал рукIинин.



Къади Абакаровасул цIар борхатго ккурал ва цIунарал районцоязе, районалъул администрациялъе, тIаде щварал гьалбадерие баркала загьир гьабуна росдал администрациялъул бетIер МухIамад ГIисаевас ва школалъул директор МухIамадамин ХIанаповас.

Рохалилаб тадбир ракIалде щвеялъе сураталги рахъана.

**Заур Бадрудинов**

КIудияб Бергьенлъиялъ - 78 сон

# Бергьенлъи… Беразда лъачIого кенчIолеб магIу

**Бергьенлъи….Бергьараб халкъалъул чIухIи,**
**Хирияб гIумру кьун къалда босараб.**
**Амма гьелъул жакъа бицунеб мехалъ,**
**Щайдай цо-цоязул нодо букIкIунеб?**

Рагъ. Гьеб къокъаб ва кьогIаб, гIадамазда балагь рещтIинабураб, захIматаб, квачараб, кванибкъаб, ратIликъаб, ками гIемераб гIасияб рагIи. Огь, гьеб лъабго хIарпалъул рагIулъ бугеб кварилъиги, магIуги, ва гьелдаго цадахъ рохелги. Гьеб рагъулъ жидерго гIолохъанаб гIумру ВатIаналъе гIоло кьурал аза-азар нилъер гIолохъаби, васал ва ясал. Нилъее кварилъун букIанищха гьеб рагъ? БукIинчIо. БукIинчIоники, кигIан гIемераб би гIодобе тIуники, кигIан гIемерал камиял нилъер халкъалъе кканиги, нилъер бахIарчияб халкъалъ бихьизабуна жидерго къвакIиги, кьвариги, бахIарчилъиги, яхI-намусги, лебаллъиги. РакIбацIцIадго тIубузабуна гьез жидедаго тIадаб борч, бахIарчиго рагьана гIагараб ВатIаналъе ва ракьалъе гIоло, жидерго бугеб рухIги, хIалги, жанги, гIолохъанаб гIумруги кьуна жакъа гьаб берцинаб яшавалда нилъ рукIиналъе гIоло. Рагьана гьеб бацIцIадаб, роцIараб зоб нилъее букIиналъе, ва ракълилаб гIумру нилъее сайгъат гьабиялъе гIоло.

Рагъуца халкъалда рещтIинарурал гIорхъи гьечIел балагьалги, гьабураб заралги, халкъазул ракIазулъ лъурал сахлъуларел ругьналги хIехьезе кIудияб бигьалъи гьабуна тушманасда тIад босараб хIакъикъаталдаги кIудияб бергьенлъиялъ. Гьеб балагьи нахъе гъун, босараб бергьенлъи буго нилъеца жакъа кIодо гьабулеб.

Санал ранагIан нилъер ракIазулъ, гIелалъ гIелалъухъе кьун, щибаб ихдал цIидасан баккулеб хертIегь гIадин, цIунулебги цIилъулебги буго кIиго асар: рагъуца лъурал ругънazул унтулги кIудияб Бергьенлъиялдаса чIухIиялъулги

Байрамалги кIодо гьарулел къоялги нилъер гIезегIан руго. Амма бищунго хирияб, щибав чиясе гIахьалаб байрамалъул къо ккола 9 май, фашистазул рагъулал бутIруз жал кьунин, жидеда рахIму гьабейин мукIурлъун лъазабураб къо, жеги батIайисахъ абуни, гьедин абизе гьел тIамураб къо!

Дагъистаналъул щибаб росулъа нус-нус гIолохъанчи ана ункъабго рагъул соналда ВатIан цIунизе.

**ВатIаналде рокьи- гьеб гIумру буго.**
**ГIумру цо букIуна – цо буго ВатIан.**
**БатIиялъухъ дица гьеб хисуларо.**
**Хисани, хаселлъун лъугьуна гIумру.**

Рагъ букIана захIматаб. Тушман вукIана вахIшияв. Жидеца бахъараб бакIги гIадамалги фашистаз лагълъиялде гьоркье ккезарулел рукIана. Киназдаго тIад гьез зулму гьабулеб букIана, немцал тун батIиял чагIи гьез гIадамаллъун рикIкIунел рукIинчIо. Концлагераздеги гьун, гъурулел рукIана, гIазабазда хвезаризе газ жанибе биччалел камераби ургъун рукIана гьез,гIадамал рухIулел печал рукIана, ва гьезул лъугьараб рахъу удобрениялъе балеб букIана. Миллионал рухIал, миллионал рукъзал фашистаз гьаб берцинаб гIумруялдаса лъахъвалел рукIана. Багьаябги къиматабги-кинабго бахъулеб букIана.

Рагъул тIоцебесеб къоялдасаго байбихьун гьоркьоса къотIичIого фронталде унелго унел рукIана тушбабигун къеркьезе гIолохъаби. Бергьенлъи босиялъулъ кIудияб бутIа лъуна нилъер тIолабго халкъаль, хIатта лъималазгицин. ГIахьаллъана кIудияб ватIанияб рагъда дир кIудияв эмен Абдусаламов Иманшапи ГIалиевичги. 1942 соналъ гьев жиндийго бокьун, гIарзаги хъван, ана армиялде, хадув кватIичIого гьенисаго ана рагъде. Рагъда бихьизабураб гьунаралъухъ ва бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъана гIемерал медалазе ва орденазе.

«БахIарчилъиялъухъ», «Германиялда тIад босараб бергьенлъиялъухъ», «Япониялда тIад босараб бергьенлъиялъухъ», «Кавказ цIуниялъухъ», «Бергьенлъиялъ 20 сон тIубаялъухъ», «Бергьенлъиялъ 30 сон тIубаялъухъ» медалал ва гьел гурел цогидалги шапакъатал щвана кIудадае.

Жеги инсаниятаlъул тарихалда лъаларо гитлерилаб фашизмалъулгун советияб халкъалъ ва гьелъул бахIарчияб армиялъ гьабураб гIадаб гIасияб рагъ. Гьединлъидалин нилъее бергьенлъи хирияб бугеб, сонал анагIан, заман бахъанагIан нилъ гьелдаса чIухIулелги!

Бергьенлъи!

Унго, гьеб бугеб къиматаб рагIи. Гьелъул даража жеги борхула «кIудияб» абураб рагIи тIаде жубараб мехалда.

**«КIудияб Бергьенлъи».**
**Бергьенлъи-….ГIасрабаз хисизе гьечIеб,**
**Халкъалъул гьурмада гвангъараб гьими,**
**Багьадурзабазул – ветераназул**
**Беразда лъачIого кенчIолеб магIу.**

Гитлерие бокьун букIана нилъер улкаялъул бечельиялда тIад кверщел гьабизе, гIадамал лагълъиялде свериzaризе. Гитлерица немцазул халкъазда цебе масъала лъун букIана «дуниялалдаго тIад ханлъи гьабиялъе гIоло рагъизе». Амма гьесул ахIмакълъиялъулги чIухIиялъулги хIасил кинаб ккарабали лъала дуниялалъул кинабго халкъалда.

Рагъул тIоцересел къоялдаго Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦIадаса ХIамзатица халкъалде хитIаб гьабуна ва гьадин хъвана:

«КъватIире рахъана «харабазул тIел гуребги» - бищун цере - гIолохъаби ва жеги руччабигицин. Рагъде ана 160 азаргоялдасаги цIикIкIарав дагъистанияв, рагьана бахIарчиго, рухIалда барахщичIого. Гьелъие нугIлъиги гьабула киналгIаги миллатазул анцIаза-азар васал ва ясал орденазеги, медалазеги, тIадегIанал шапакъатазеги мустахIикълъиялъ.

Совет Союзалъул БахIарчи. Гьеб цIар тасдикъ гьабуралдаса нахъе ана 89 сон. Гьеб букIана СССРалда бищун тIадегIанаб цIар, бищунго тIадегIанаб шапакъат. Гьеб кьолеб букIана «Пачалихъалда цебе жиндаго яги коллективалда цадахъ гьабураб бахIарчияб гьунаралъе гIоло».

Совет Союзалъул БахIарчиясул цIар кьезе СССРалъул Централияб Исполнителияб Комитеталъ хIукму гьабун буго 1934 соналъул 16 апрелалда. Гьеб цIаралда цадахъ кьолеб букIана «Меседил ЦIва» медальги Ленинил орденги. Гьеб цIаралъе мустахIикълъана 12600 гIанав чи, гьезда гьоркьоса 73 дагъистаниявги.

Гьезда гьоркьов вуго нилъер ракьцояв Эчеда росулъа Къади Абакаровги. Анкьгояв мустахIикълъана Рещаlъул лъабабго даражаялъул орденазе!

Щибаб санайил нилъеца-Россиялъул захIматчагIаз, гьездаго гьоркьор дагъистаниязги, кIудияб рохалида кIодо гьабула гьеб. Исанайин абуни 78 абилеб нухалда кIодо гьабулеб буго КIудияб Бергьенлъиялъул байрам.

Узухъда, нилъее гьеб щвана тIубараб ункъо соналъ макруяб, вахIшияб гитлерилаб фашизмалда дандеги рагъун, гьезул зулмуялда, лагълъиялда гьоркье ккеялдаса цIуниялъе гIоло рухIалда барахщичIого, бахIарчияб къеркьеялъул хIасилалда.

Ункъо соналъ нилъер гIадамаз хIехьана рагъул гIасиял балагьал. Ункъо соналъ ва жеги хадусаги нилъер рукъзабахъ къотIичIо рагъда чIварал умумузухъги, вацазухъги, васазухъги гIоди.

1941 соналъул 22 июналдаса нахъе гIодана гIадамал ва жеги гIодулелги руго.

Нилъер ракIазуль щулалъун буго гьеб 78 соналъ жиндаса нилъ чIухIараб, КIудияб Бергьенлъи.

Заман унилан кIочонаро КIудияб ВатIанияб рагъги нилъер халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиги. Цебехун киданиги букIинчIеб гIадаб къвакIиялъул, тIадегIанаб рухIияб къиматалъул, халкъазул цолъиялъул ва гьункиялъул гIаламат хIисабалда гьеб абадиялъего хьван буго нилъер ВатIаналъул бахIарчияб тарихалда.

Нилъеца бетIер кьулула рагъул авлахъаздаго хутIарал, гьениса тIадруссун хадур гIумруялдаса ратIалъарал рагъухъабазе, тылалда хIалтIаразе. Гьез хIехьараб гIакъуба-кварилъиялъул бицун хIал кIвеларо. Жакъа нилъеда тIадаб буго рагъул кьогIлъиялъул, гьелъ нилъер халкъалде босун бачIарабщинаб балагь-кварилъиялъул хIакъалъулъ ва кин бергьенлъи щварабали гIолеб гIелалда бицине, гьел куцазе ккола ВатIан бокьиялъул рухIалда, нилъер умумузул бахIарчияб тарих лъалеллъун. Нилъер гIаммаб пашманлъиялъе. Нилъер районалда цониги рагъул гIахьалчи чIаго гьечIо. Амма гьезул гьунаралъе нилъер бутIрул абадиялъ къуларал руго!

ХIурматиял районцоял,тылалда хIалтIун бергьенлъи гIагар гьабурал, Дагъистаналда ва къватIир гIумру гьабулел киналго гIадамал! РакI-ракIалъ баркула щивасе хирияб байрам-Бергьенлъиялъул къо. Гьарула щивасе халатаб ва талихIаб гIумру, даимаб рохел, гьабулеб ишалъулъ битIккей, сундулъго икъбал, щулияб сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби, хьизан-рукъалъулаб талихI. Я Аллагь, бихьугеги кидаго рагъул кьогIлъи ва вахIшилъи.

Ахиралдаги бокьун буго гIолохъанаб гIелалде юссун хитIаб гьабизе: ЦIуне дунялалда рекъел, нилъер кIудабаз жидерго гIолохъанаб гIумруялда барахщичIого щвезабуна нилъее гьеб. КIочон тоге кинаб зах1малъигун нилъее гьеб щвараблъи.

**Аллагь, рикIкIад гьаре кьогIаб рагъдаса,**
**Аллагь, лъазе тоге бальгояб балагь,**
**ГIасилъи къинабун сабру кье, Аллагь**
**ХIалкIолев, БетIергьан, хьул цохIо дуде.**

……………………..

## Къади Абакаровасде

ВатIан цIунизеян, хьван гIарзаги кьун,
Боркьараб цIоб гьечIеб рагъде арав вас.
Гьал дур мугIруздаги кьурабаздаги,
Жеги бикIун буго дур бахIарчилъи.

ТалихIалъе гIоло, ракълие гIоло,
БахIарчияб цIар тун, кьаникье арав.
ТIолго гIолилазе мисаллъун ч1арав
Къади кIоченаро ватIанцоязда

Дурго ВатIаналъе ритIухъаб гьалбацI,
ТIолго гIолилазе хвел гьечIеб мисал.

КъуркьичIо мун кинго цIадул коронив,
ХIинкьичIо мун кинго тушманасукьа.

ХIинкъи-къайго лъачIеб къалул итаркIо,
ЯхI-намус бацIцIадав рагъул бахIарчи.
Тушманасул «Щиркъцин» кверде босарав,
Гьелде тIаде вахун чIухIун кьурдарав.

Дудаса чIухIула тIолго Дагъистан,
Дудаса чIухIула гIагараб ВатIан.
Лебалаб гьунар тун, гвангъараб цIар тун,
Дунял тун арав дуй къулула бетIер.

## Бергьенлъиялъул багьа

Аза-азар хварал, нус-нус лъукъарал
Рагъул байдабазда ахир батарал,
Араб бакI лъачIого къалда тIагIарал,
Рагъдаса руссинчIел нижер гIолилал.

ГIолохъанаб гIумру рагъуе къурал,
Щадул коронирцин къуркьичIел васал,
Халкъул гIаламалъе эркенлъи кьурал,
ХIинкъи-къай лъачIого, кьаникье арал.

БахIарчиял цIарал ирсилазе тун,
Гьаб берцинаб дунял тана нужеца.
Амма нужер цIарал цIигьаруразда,
Нуж кIочонгутIизе руго ахIулел.

Бергьенлъидул багьа - цIакъ тIадегIанаб,
Бергьенлъидул багьа - цIакъго хирияб,
Бергьенлъидул багьа-бидулал хIорал,
Нухдаго хутIарал хIорал анищал.

Гьумер хIадур гьабуна Лъондода росдал школалъул мугIалим Заира ГIалиеваль

Оцбай-2023

# Гьава-бакъ рекъаги, хур цӀун бачӀаги

Их тӀаде щвей кӀодо гьабиялъул тадбир тӀобитӀана араб гьатӀанкъоялъ Гьигьалъ росулъ. Санайилго тӀобитӀулеб ихдалил хӀалтӀабазде байбихьиялъул



тӀоцебесеб рахъ бахъиялъул байрамкъо исана гӀуцӀана 1981 соналъ росдал школа лъугӀарал выпускниказ.

Кидаго гӀадин тадбир байбихьана росдал мажгиталда мавлид цӀалиялдалъун. Гьенир гӀахьаллъана мадугьалихъ ру-



гел росабалъа вакилзаби, росу тун къватӀир гӀумру гьабун ругел росуцоял, Больихъ ва Гумбет районаздаса гьалбал. Мавлид цӀалун хадуб росдал жамгӀат бакӀарана мадрасалъул хурир, ва рии-их битӀагиян, гьава-бакъ рекъагиян, рагъул-кьалул хабар тӀасабосагиян дугӀаги цӀалун, хӀурматияв росуцояз, гьалбадерица ва выпускниказ бахъана тӀоцесеб рахъ. Цинги, бачунаго зикругун, жакмагӀат къокъана росдал годекӀанире, тадбиралъул аслияб бутӀа тӀобитӀулеб бакӀалде.

ГӀелалъ гӀелалъухъе къун росдал гӀадат цӀунулезде саламалъулаб кӀалъайги гьабун тадбир рагьана ва нухда бачана росдал жамгӀияв хӀаракатчи Шамхалдибир ГӀисаевас. Гьес къокъго бицана оцбаялъул байрамалъул тарих, ракӀалде щвезаруна школалъул гӀумруялдаса лахӀзатал, гьарана гьава-бакъ рекъей, росуцоязе ва гьалбадерие щулияб сахлъи, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

Росдал администрациялъул бетӀер Рамадан ГьазимухӀамадовас баркала загьир гьабуна жидер адаб цӀунун тӀаде рачӀарал гьудул-гьалмагъзабазе ва мадугьалзабазе.

Гьес гьединго росдал администрациялъул рахьалдасан гӀарцулал сайгъатаздалъун кӀодо гьаруна эркенаб гугариялъул рахъалъ гӀолилазда гьоркьов Россиялъул первенствоялда кӀицӀул бергьарав МустапахӀажи Малачдибиров, Дагъистаналъул первенствоялъул призер МухӀамадхӀабиб ХӀабибов, Дагъистаналъул первенствоялъул ва СКФОялъул мазгарул призер МухӀамад ХӀабибов, греказулабгун румазулаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул, Россиялъул ва СКФОялъул къецазда бергьенлъи щварав СаидмухӀамад Гьайирбеков.

Гьединго жиндирго рахьалъан росдал бетӀерас гӀарцулаб премиялдалъун кӀодо гьавуна Чебышевасул цӀаралда тӀобитӀулеб математикаялъул республикаялъулаб олимпиадаялда лъикӀаб лъай бихьизабурав Агъвали гимназиялъул цӀалдохъан АхӀмад ГьазимухӀамадов.

Районалъул больницаялъул бетӀерав тохтур Хейруланам Дибирасулевас выпускниказул рахьалдасан ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна ва ракӀалдещвеялъул сайгъатаздалъун кӀодо гьаруна жидерго классазул рукӀарал нухмалъулел МухӀамад



АхӀмадов, ГӀумармухӀамад ГӀабдурахӀимов, Кьадилав Малачев ва ПатӀимат МухӀамадова.

ГӀун бачӀунеб гӀелалъе тарбия-лъай кьуралъухъ Шамил имамасул цӀаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб фондалъул рахьалъан Шамил имамасул орденалдалъун кӀодо гьавуна гӀемерал соназ Гьигьалъ школалъе нухмалъи гьабурав, тарихчи, Дагъистаналъул мустахӀикъав учитель мунагьал чураяв МухӀамад Дибирасулаев.

Гьелдаса хадуб байбихьана тадбиралъул аслияб бутӀа-тӀасияб соналъ байрам тӀобитӀизе тӀаде босарал 1978 соналъ школа лъугӀарал выпускниказухъе эстафета - чадил кӀудияб гор кьей. Гьелдаса хадуб тадбиралъул гӀуцӀарухъабаз гьалбалгун росуцоял ахӀана гьарзаяб кванил тепсиялда нахъа къадекванис гӀодор чӀезе.

Къалъул как бан хадуб байбихьана Къуръан цӀалиялъул ва спортивиял къецал. Районалъул администрациялъул гӀолилазул ишазулгун политикаялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ТӀалхӀат ГӀабдулбасировасул нухмалъиялда гьоркь тӀоритӀана спортивиял къецал.

Канат цӀаялъул къецазда тӀоцебесеб бакӀ щвана МахӀачхъалаялъул ХӀажи МахӀачевасул цӀаралда бугеб спортивияб школалъул къокъаялъе, кӀиабилеб бакӀ ккуна Кванхи росдал къокъаялъ, лъабабилеб бакӀалде ккана Гьигьалъал.

1500 метралъул манзилалъ векерун тӀоцеве чӀалде вачӀана АнсалтӀаса Шамил ГьитӀинхӀажиев, кӀиабилеб бакӀ ккуна Кванхиса Шамил ГӀалимирзаев, лъабабилеб бакӀалде ккана АнсалтӀаса АхӀмад НасухӀов.

ЧӀаралъуса кӀанцӀун бергьана Гьигьалъа ГӀумар Шагьрудинов, кӀиабилеб бакӀ щвана Кванхиса Шамил АхӀмадовасе, лъабабилеб бакӀ-Гьигьалъа ГӀабдурашид Гьайирбековасе.

ГамачӀ рехун абсолютияв чемпионлъун вахьана Гьигьалъа Салман НурасмухӀамадов. Гьединго эркенаб гугариялъул рахъалъ абсолютияв чемпионлъун вахьана Гьигьалъа ГӀумар Шагьрудинов.

Къуръан цӀалиялъул ва спортивиял къецазулъ бергьарал ва призерал кӀодо гьаруна грамотабаздалъун, гӀарцулал сайгъатаздалъун, гьединго спортивиялгун маданиял тадбиразул кидагосев спонсор КъурамухӀамад ГучучгӀалиевасул рахьалъан сайгъатаздалъун.

Тадбиралъе ахир лъуна ва кӀудияб асар гьабуна росулъа «Ичихъан» хьалаялде щвезегӀан Чадири ва Кванхи росабалъа мотоциклистаз тӀобитӀараб мотопробегалъ. ТӀоцеве хьаладул борхалъуде щвана Кванхиса Шамил АхӀмадов, кӀиабилевлъун ккана Чадириса Заур СагӀитов, лъабабилевлъун - Кванхиса Шамил ГӀалимирзаев. Бергьарав ва призерал кӀодо гьаруна росдал бегавуласул ва спонсоразул рахьалъан гӀарцулал премиябаздалъун.

Абизе бегьула, исанаги гьигьалъдерица ихдалил байрам - оцбай тӀадегӀанаб даражаялда тӀобитӀанин абун. Аллагьас баракат лъеги Гьигьалъ росдал жамгӀаталда, тӀадеялъги гьединго цольун, гьункун, умумузул гӀадатги цӀунун, оцбаялъул тадбир тӀобитӀизе, гӀун бачӀунеб гӀелалъе росдал гӀадаталги тарихги цӀунун хьвадизе мисаллъун рукӀине сахлъи кьеги.

**ТӀалхӀат ГӀабдулбасиров**

КIудияб Бергьенлъиялъ-78 сон

# «Бергьенлъиялъул рохь»

ТIаде щолеб буго 9 май - КIудияб Бергьенлъиялъ 78 сон тIубаялъул байрам. Гьеб



къо ккола нилъее жиндилъ рохелгун талихI ва пашманлъи бессараб кIудияб байрамлъун. Нилъер улкаялда батиларо КIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъиги жидеда хъвачIеб, гьелъ ракIалги пашман гьаричIел, гьелъул хIасилаз магIуги тIечIеб, гIумруялъ кIочонареб ругъун рекIелъги лъечIеб хъизан.

Нусгоялдаса цIикIкIун чи ана Гьигьалъ росулъа КIудияб ВатIанияб рагъде, руссинчIо гьезул бащадал рокъоре. Бесдаллъана лъимал, кьороллъана руччаби, рекIелъ пашманлъиялъул асар тIагIинчIого ана гьезул гIумру.

Гьезул хIурматалда ва гьел ракIалде щвеялъе гIоло Гьигьалъ росдал школалъул «Ичихъан» абураб рохьихъанлъиялъул членаз гьал къояз тIобитIана «Бергьенлъиялъул



рохь» абураб акция.

Акциялъул аслияб мурад букIана цIалдохъабазулъ миллиябгун гражданияб бичIчIи бижизаби, ВатIаналде гьезул рокьи куцай, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ва гьезул бахIарчияб ишал ракIалде щвезари, гIолеб гIелалда ва наслабазда гьел кIочонгутIи.

Гьеб къоялъ росдал школалъул цIалдохъабаз, церекккун школа лъугIун арал цIалдохъабаз гIезабураб рохьалда аскIобго, сверун къараб бакIалда, чIана кIинусгоялдасаги цIикIкIун накIкIигъветI, махигъветI ва жакки.

Жидер захIмат цIалдохъабаз сайгъат гьабуна жакъасеб гьайбатаб гIумру жидее кьурал росуцоял рагъул гIахьалчагIазе.

**МухIамад ХIажиев,** лъайкьеялъул управлениялъул методист

Пожарная безопасность

# Особый противопожарный режим

Постановлением Правительства Республики Дагестана от 27 апреля 2023г. в целях недопущения возникновения пожаров, их распространения на значительной площади, снижения угрозы травмирования и гибели людей, а также минимизации последствий пожаров в период жаркой, сухой и ветреной погоды на территории республики с 1 мая вводится особый противопожарный режим. На период действия особого противопожарного режима вводятся дополнительные требования и меры пожарной безопасности.

Согласно постановлению, республиканским органам исполнительной власти, органам местного самоуправления муниципальных образований Республики Дагестан, организациям, руководителям организаций отдыха детей и их оздоровления, садоводческих и огороднических товариществ, иным юридическим и физическим лицам на период действия особого противопожарного режима запрещено разведение костров, сжигание твердых бытовых отходов, мусора, выжигание травы, а также проведение иных пожароопасных работ на территориях садоводческих и огороднических товариществ, организаций отдыха детей и их оздоровления, на землях лесного фонда, населенных пунктов и прилегающих территориях, в том числе на земельных участках, непосредственно примыкающих к лесам, к землям сельскохозяйственного назначения, к защитным и озеленительным лесным кустарниковым насаждениям. Также запрещено проведение пожароопасных работ, в том числе проведение сельскохозяйственных палов, сжигание стерни, пожнивных остатков, мусора и разведение костров на полях. Запрещено использовать противопожарные расстояния между зданиями, сооружениями и строениями для складирования материалов, оборудования, тары, оборудования, тары, мусора, травы и иных отходов, для разведения костров, приготовления пищи с применением открытого огня (мангалов, жаровен и др.) и сжигания отходов и тары.

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам напоминает, что в случае обнаружения и возникновения пожара необходимо незамедлительно звонить по единому номеру вызова экстренных служб - «112».

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

Эркенаб гугари

# Поддубныясул турниралда

Гьал къояз Алма-Атаялда (Казахстан) тIобитIана Иван Поддубныясул хIурматалда эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб PVLалъул ункъабилеб турнир. Гьениб гIахьаллъараб Россиялъул тIасабищараб командаялда гьоркьор рукIана нилъер районалдаса ГIабасхIажи МухIамадов ва АхIмад ГIусманов.



Турниралда бищун хехго бергьенлъи босана ГIабасхIажица. 61 кг. цIайиялда цеве вахъарав гьес тIоцебесеб периодалдаго тушеялда лъуна Гьиргъизиялдаса Азиялъул чемпион Тайирбек Жумашбег Уллу, ва лъабабилеб нухалъги вахъана Поддубныясул турниралъул чемпионлъун. Гьединго, 7:6 хIисабгун Казахстаналъул гугарухъан Болат Сакоевги къезавун, АхIмад ГIусмановги вахъана турниралъул чемпионлъун.

**Сураталда:** ГIабасхIажи МухIамадов жиндирго вац - тренер Абакаргун.

**Шамил Бадрудинов**

# Грозныялдаса медалалгун руссана



Къоло ичIабилеб апрелалъ Грозныялда тIобитIана гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ регионазда гьоркьосеб турнир.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал.

ТIоцебесеб бакI щвана Агъвали гимназиялъул цIалдохъаби Абакаров Нажмудиние (44 кг.) ва Лабазанов МухIамадие (75 кг.).

Лъабабилеб бакIалъе мустах1икълъана Хизриев Г1абдурах1ман (35 кг.), ГIумаров Абубакар (38 кг.) ва МухIамадов Якъуб (62 кг.).

Баркула гьезда лъикIал хIасилал, гьарула хадубккунги икъбал.

**ХIайбула НурхIажиев**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»**

**Тираж - 1486**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru**